

Objektif lesan an


Nou prale gade kisa ki nan anviwonman nou ki se yon kare oswa yon rektang.

Pati de sa timoun yo dwe konnen oswa ta dwe konnen epi ki ka ede yo

Gen anpil fòm nan lanati a, won, triyang, kare e latriye


Leson an

Yon kare oswa yon rektang se fòm jeyometrik yo ye. Yo se kouzen. Yo tou de gen 4 kote oswa kat arebò.








GADE BYEN


Lè w gade byen...kare ak rektang gen 4 arebò. Men sa ki fè kare ak rektang diferan se paske 4kote kare yo egal ego.



Men nan rektang gen 2 kote ki pi long epi de kote ki pi kout.



Kote kare ak rektang fòmè yon ang dwat sa vle di siw mezire chak ang yo ak ekè ki nan bwat jeyometri w l ap byen plake.




Konsolidasyon

Jwèt pou ou. Rale kaye w.

Nou prale desine ansanm yon kare san nou pa sèvi ak règ. Mete yon pwen sou kòmansman yon ti kare. Konte 4 kare sou yon liy kouche. Kanpe. Kounye a desann 4 kare ankò kanpe ankò.

Kounye a w ap fè yon liy kouche soti sou pwen out e rive a men ou prale sou bò goch. Konte 4 ti kare. Kanpe. Remonte jwenn premye pwen ou te fè a. Men ni ou soti desine yon kare ki gen kat bò menm longè. Si w vle ou ka repase règ sou tras ou fè déjà pou li ka pi bèl epi ou ka verifye se yon kare lè ou poze kwen ekè mwen te montre w la sou li.

Si ou rive gen yon ti desen konsa. Bravo



Verifikasyon

Jwèt pou ou. Rale kaye w.

Talè a mwen esplike w kòman pouf è kare a. Kounye a fè yon rektang. Kisa w fè? Siman ou deside fè 2 bò pi long. Wi se sa bravo.

